




CHWAZI CHEMEN PA OU POU **PREPARASYON**

#1



Reken nan Pasaj Pyeton

Ready New York

**Chwazi Chemen
Pa Ou pou Preparasyon**



©2013 Ad Council ak Biwo Jesyon Ijans Vil New York.
Tèks ak konsepsyón: Education Center, LLC

Reken nan Pasaj Pyeton

Ben te renmen jwe yon match baskètbòl san preparasyon apre lekòl. Ben nan lekòl pre-segondè. Li te pase anpil tan nan jounen an chita sou yon biwo. Poutèt sa, inèdtan oswa plis tan ap kouri monte ak desann sou teren an te bay li enèji. Lè match la te fini, li te pran djakèt li epi li te siye swè ki nan kou li.

“Ki kote ou prale?”

Ben te reponn zanmi li Mikey pandan li t ap kite teren baskètbòl la, “Mwen dwe ale lakay mwen prese-prese pou benyen anvan mwen al chèche ti sè mwen nan pwogram apre-lekòl li.”

Ben te ale nan biling apatman li, pou koute mizik. Lè Ben te rive nan kwen an, li te wè lari li te gen yon liy kamyon Minisipalite Vil la, machin sèvis piblik, baliz koulè oranj, ak baryè an bwa. Yon machin lapolis te estasyone dèyè youn nan baryè yo, epi limyè machin nan t ap mouri-limen. Son aparèy emetè-reseptè moun te mal pou konprann te tout kote. Epi yon bri etranj, tankou dlo k ap kouri vit te fè blòk la sanble mwens ak yon vil, li te plis tankou arebò yon rivyè. Mezanmi, kisa k ap pase?

Ben te monte nan eskalye devan yon biling toupre pou li wè sa ki t ap pase a pi byen. Nan mitan kalfou a, toupre pòt antre biling ki gen apatman li, yon ti mòn dlo k ap fè glouglou te sanble ap bouyi nan lari a. Dlo a t ap prese sòti tout kote.

“Timoun! Hey, timoun!”

Ben te gade anba epi li te wè yon nonm ki gen yonjilè koulè vèt ki t ap montre li yon bagay avèk yon wòkitòki.

“W ap viv nan youn nan biling sa yo?

Nonm ki gen wòkitòki adi konsa, pandan li kenbe badj ki gen ID li, “Mwen se manm Ekip Repons pou Ijans nan Kominote a. Gade, li ekri kòm ‘CERT’ nan badj mwen. Non mwen se O’Meara.”

Ben mande, “Kisa k ap pase, Mesye O’Meara?”



Mesye a di konsa, “Manman tiyo a pete epi yo fèmen kouran an”.
“Yo mande tout moun pou yo sòti nan bilingding sa yo. Kijan ou rele?”

Ben di konsa, pandan l ap lonje dwèt li sou bilingding toupre a, “Non
mwen se Ben. M ap viv isit la.”

“Oke, Ben. Mwen kapab ede ou. Èske ou gen yon kote pou ale,
yon kote fanmi ou kapab jwenn ou? Oswa èske ou bezwen monte nan
apatman ou?”

**SI BEN DESIDE ALE NAN KAY YON ZANMI, ALE
NAN PAJ 7.**

**SI BEN DESIDE MONTE NAN APATMAN LI, ALE
NAN PAJ 6.**

BEN DESIDE MONTE NAN APATMAN LI.

Ben di Mesye O'Meara, "Mwen bezwen monte nan apatman mwen. Mwen gen kèk bagay mwen bezwen monte pran ladan. Fanmi mwen gen yon kote pou rankontre ki ekri sou yon kat ijans ki sou pòt frijidè nou. Epi mwen gen Valiz pou Deplasman."

Mesye O'Meara souri. "Se trè byen, Ben. Ou pètèt pa pral kapab rete isit la aswè a, se yon bon lide pou gen yon Valiz pou Deplasman. M ap mennen ou nan pòt antre ki dèyè biling ou. Answit, ou kapab monte nan apatman ou pou pran sa ou bezwen an."

Ben ak Mesye O'Meara te mache ansanm pou pase bò yon barikad kote yon ofisyel lapolis te kanpe avèk yon blòk-nòt ak yon radyo komunikasyon. Ben te bay lapolis non ak nimewo apatman li epi Ben te jwenn otorizasyon pou yo akonpaye li andedan biling nan. Answit, yon lòt manm CERT te mache avèk li pou monte nan etaj li a.

Ben te louvri pòt la epi li te ale andedan. Poukont li nan apatman an, li te santi li byen pou li yon kote ki gen sekirite, yon kote li abitye apre bouyaya nan lari a. Li te ale nan fenèt la epi li te gade anba. Li te kapab wè gwo twou a, dlo blan an k ap prese sòti nan lari a, ak travayè ijans yo ki prale nan chak direksyon. Ben te panse *pètèt l ap gade aksyon an pandan kèk minit*. Men li te konnen tou li dwe pran Valiz pou Deplasman li epi pou li gade sou pòt frijidè a pou li sonje kote pou fanmi li rankontre lè gen ijans.



SI BEN DESIDE GADE, ALE NAN PAJ 9.

**SI BEN DESIDE PRAN VALIZ POU DEPLASMAN LI EPI SI
LI DESIDE ALE NAN KOTE POU RANKONTRE FANMI LI,
ALE NAN PAJ 10.**

BEN DESIDE ALE LAKAY YON ZANMI LI.

Ben di Mesye O'Meara, "Mwen panse mwen prale lakay yon zanmi mwen. Mwen kapab rete la jouk lè paran mwen yo sòti nan travay."

"Èske fanmi ou deziyen yon kote pou rankontre lè gen ijans? Kijan y ap konnen kote ou ye?"

Ben reponn, "Y ap konnen mwen avèk Marcus." Men li pa t sèten. Li te panse li te kapab rele manm li oswa papa li pandan li lakay Marcus.

Nan menm moman an, bip avètisman yon pèl mekanik k ap fè bak nan lari a t ap sonnen. Pandan yo t ap gade pèl mekanik lan, Mesye O'Meara te di konsa: "Koute, timoun, ou dwe ale nenpòt kote fanmi ou dakò ki se yon kote pou rankontre an sekirite. Ou pa kapab rete isit la. Yo fèmen dlo a nan biling sa a, epi yo fèmen kouran an tou."

Ben di konsa, "Pa enkyete ou. Mèsi, m ap kite la a."

Ben mete kask li nan tèt li byen vit, epi li mache pou ale nan apatman Marcus. Pètèt limenm ak Marcus kapab jwe kèk jwèt videyo oswa yo kapab retounen sou teren baskètbòl la. Li te rive nan kay fasad wouj Marcus epi li te monte eskalye yo.

Marcus te mande li "Hey, kisa w ap fè isit la?" pandan li t ap louvri pòt la.

"Mwen pa t gen okenn kote pou ale. Ou ta dwe wè lari mwen an. Li pa bon ditou!"

Marcus mande, "Pou kisa? Kisa ki te pase," pandan li t ap mete li sou kote pou kite Ben antre.

Ben te reponn, pandan li t ap lage sakado li andedan pòt la, "Manman tiyo a pete epi pa gen kouran. Yo pa ta vle mwen rete. Poutèt sa mwen te panse mwen ta vini isit la." Ben te mande, "Èske pa gen pwoblèm pou sa" pandan li te vire ap gade manman Marcus.

Manman an te reponn, "Sètènman, pa gen pwoblèm. Li te mande, "Men èske paran ou yo konnen ou isit la? Kote sè ou a ye?"

Manman Marcus pran telefòn nan epi li lonje li ba Ben. "Mwen panse ou bezwen rele yo touswit pou fè yo konnen kote ou ye."



Manman Ben te reponn telefòn nan apre premye son an. Li te fèk resevwa yon koutfil yon vwazen konsènan manman tiyo a ki te pete epi li te enkyete pou konnen kote Ben te ye. Manman an te rapple Ben byen vit kote pou li ale, epi li dwe asire li gen Valiz pou Deplasman li dapre pratik yo te fè a.

Li di Marcus, “Mwen dwe ale. Mwen bezwen retounen nan apatman mwen pou pran Valiz pou Deplasman mwen anvan mwen rankontre fanmi mwen.” Ben te sòti nan pòt la epi li te retounen toudwat nan biling apatman li. Li t ap eseye chèche Mesye O’Meara oswa yon lòt manm CERT, paske li konnen yo ta ede li si sa nesessè.

ALE NAN PAJ 6 KI GEN “BEN DESIDE MONTE NAN APATMAN LI.”

BEN DESIDE GADE AKSYON AN PANDAN YON MOMAN.

Aprè sèlman kèk minit, Ben te vin fatige ap gade dlo a k ap sòti nan lari a. Jan sa li t ap obsève a te dwòl, se te tankou li t ap gade menm dis (10) segonn vidéyo a anpil fwa san rete.

Pandan Ben ap vire kite fenèt la, li te pran jwèt vidéyo alamen li epi li te kòmanse jwe jwèt li te sovgade a. Li pa t konnen depi konbyen tan li t ap jwe lè li te tande yon moun frape pòt la fò. Li te ale nan pòt la epi li te wè Mesye O'Meara nan twou a ki te deyò a.

Mesye O'Meara te mande, "Ou t di w ap retounen touswit. Èske ou anfòm?" Answit

Mesye O'Meara te wè jwèt vidéyo a epi li te fwonse sousi li. Li t ap gade jan Ben t ap pran Valiz pou Deplasman li epi tcheke kat ijans li ki sou pòt frijidè a.

Mesye O'Meara di konsa, pandan li t ap mache nan koulwa a epi pandan Ben t ap fèmen pòt la, "Mwen panse ou gen bagay ki pi enpòtan pou reflechi sou li pase pou jwe yon jwèt vidéyo kounye a."



**SI BEN DESIDE PRAN VALIZ POU DEPLASMAN LI EPI SI
LI DESIDE ALE NAN KOTE POU RANKONTRE FANMI LI,
ALE NAN PAJ 10.**

**BEN DESIDE PRAN VALIZ POU DEPLASMAN
LI EPI POU ALE NAN KOTE POU RANKONTRE
FANMI LI.**

Ben te ale toudwat nan chanm li. Nan plaka li, te gen Valiz pou Deplasman wouj fonse li ki te plen avèk tout sa li ta bezwen pou sèlman nenpòt ijans. Lè li te tante pou rasanble jwèt videoyo li yo pou pote, li te konnen pa ta gen tan pou sa. Li te sonje tou li te gen kèk liv komik nan Valiz pou Deplasman li pou ede li toujou gen yon bagay pou fè.

Pandan Ben te sou wout pou ale nan chanm li, li te pran ti flach li epi answit li te ale nan kuizin nan. Pandan li nan kuizin nan, li te wè kat pou ijans lan ki sou pòt frijidè a.

Ben di konsa, “Duh. Sètènman. Lekòl primè a. Se la fanmi nou ap rankontre!”

Avèk Valiz pou Deplasman li, Ben gade apatman fanmi li epi li pran direksyon twotwa a.

Yon moun ki dèyè li di konsa, “Sètènman gen kalm nan zòn la.”

Ben vire dèyè epi li wè vvazin li, Madam Hawthorne.


Ben mande li, “Èske ou prale nan yon abri oswa èske ou pral fè yon bagay.

Pandan Madam Hawthorne nan papòt li, li di konsa, “Mwen pa konnen sa pou mwen fè. Mwen gen pou pran swen Mesye Melvin.”

Ben repete, “Mesye Melvin,
Chat ou a.”

Pandan Ben te prale nan direksyon asansè a, li di konsa, “Ou konnen ou kapab mennen chat ou a nan abri pou ijans. Ou sèlman bezwen genyen li nan yon kaj. Pale avèk mesye ki gen jilè vèt sou li a. Men nou pa gen pèmisyon pou rete isit la aswè a.”

Depi Ben te retounen nan lari a, li te ale toudwat sou Mesye O’Meara epi pou montre li Valiz pou Deplasman li.



“Ou konnen kote ou pral rankontre fanmi ou?”

“Wi, mesye. Lekòl primè a. Mwen te fèk tcheke kat pou ijans nou. Ti sè mwen an la nan pwogram apre-lekòl.”

Mesye O’Meara di konsa, “Ale jwenn sè ou, timoun. Pwoteje tèt ou.”

Ben te pase kask li nan tèt li answit li te redi li dèyè ankò. Li di konsa, “Oh, yon lòt bagay. Vwazen mwen ki nan apatman 3D toujou anlè. Li enkyete pou chat li. Èske yon moun kapab pale avèk li?”

Mesye O’Meara di konsa, “Sètènman. Mèsi poutèt ou di mwen sa. Rete nan lapè.”

Ben ale epi l ap souri. *Li t ap reflechi poukont li, Rete nan lapè? Kimoun ki di bagay konsa ankò?*

Ben te santi li byen. Li te fè chwa ki bon an pou ale kote limenm ak paran li yo te dakò yo ta dwe ale. Nan sèlman yon lòt blòk, li te rive kote a.

“Hey, Ben! Hey, Ben! Ki kote ou prale?”


Ben te pèdi nan panse li epi li pa t menm gade zanmi li yo Adam ak Mike D. ki t ap rive. Mike D. mete men li deyò pou bay Ben lamen.

Mike D. mande, “Sa ki pase, Ben?”

Ben retire kask li nan tèt li, epi li reponn, “Se te pi move apremidi a.”

Adam mande, “Èske ou okouran manman tiyo a ki pete a? Mwen panse se anba la a toupre kote w ap viv la, Benny! Yo di lari a anba senk (5) pye dlo epi yon kamyon fatra tonbe nan twou a! Nou pral tcheke sa.”

Ben di konsa,
“Mwen te wè li. Li toupre devan apatman mwen.”



Ti mesye yo di konsa, “Seryezman?”

Ben ri epi li di konsa, “Wi. Pa gen kamyon fatra. Sèlman anpil dlo.”

Adam di konsa, “An nou ale. An nou ale pou tcheke li.”

Mike D. reponn, “Wi, an nou ale, Ben. Montre nou li.”


**SI BEN DESIDE MENNEN ADAM AK MIKE D. POU YO WÈ
MANMAN TIYO A KI PETE A, ALE NAN PAJ 13.**

**SI BEN DESIDE KONTINYE ALE NAN KOTE
POU FANMI LI RANKONTRE, ALE NAN PAJ 15.**

**BEN DESIDE MENNEN ADAM AK MIKE D. POU
WÈ MANMAN TIYO A KI PETE A.**

Ben dakò, epi li di “Oke. Mwen panse nou kapab ale pou tcheke li pou yon minit.”

Mike D. ak Adam te vire tèt yo. Ben pa t gen lide sa te kapab tèlman enteresan pou wè yon manman tiyo ki pete. Men pou tandem zanmi li yo k ap pale sou sa, pètèt yo ta wè yon reken k ap naje nan nò vil la oswa yon pwason mediz ki prale nan Queens.



Depi yo te retounen nan blòk la, Ben te jwenn espas la prèske rete menm jan lè li te kite li. Pa gen mediz. Pa gen reken ki prale Broadway. Pa menm gen gwo kantite dlo a ankò.

Mike D. te monte nan dèyè yon kamyon ki estasyone epi li te lonje men li nan kalfou a.

Li te di konsa, “Kisa? Se senpleman yon twou ki nan lari a.

Nan memm moman an, Mesye O’Meara t ap mache sòti nan barikad la pou sou twotwa a. Li te mande pou Mike D. desann nan kamyon a.

Li te lonje men li sou Ben pou di, “Èske ou te blyie yon bagay?”

“Zanmi mwen yo te vle wè manman tiyo a ki pete a.”

Adam te mande, “Kote tout dlo a ye? Kijan yon kamyon fatra ta ka tonbe nan ti twou sa a?”

Mesye O’Meara fwonse sousi li epi li repete, “Kamyon fatra?”

Ben di konsa, “Yo te tande yon kamyon fatra te pèdi nan yon twou tiyo ki pete a te kreye.”

Mesye O’Meara di konsa, “Mwen panse ou jwenn yon kote pou ale, Ben.”

Ben souke tèt li pou di wi. “Ou kòrèk. Mwen jwenn. An nou ale mesye.”

Avèk Mike D. ki toujou ap debat pou wè anba lari a, touletwa mesye yo te vire epi yo te kòmanse mache retounen kote yo te rankontre a.

Kèk minit apre, Ben te finalman rive nan lekòl primè a. Li pa t pran lontan pou li jwenn fanmi li. Zye ti sè li a te wouj, epi ti sè li a t ap pran sant. Manman Ben te gen bra li toutotou li. Yon ti koutje nan figi paran li te montre yo te fache avèk Ben.

Papa li mande, “Ki kote ou te ye?”

Manman an reponn, “Nou te enkyete pou ou anpil. Epi sè ou te pè. Nou te fè plan-dijans pou fanmi an. Pou kisa ou pa t swiv plan an?”

Ben t ap reflechi sou apremidi a. Gwo aksyon, anpil desizyon. Pou kisa li pa te swiv plan an? Li t ap gade paran li yo ak sè li, li te swete li te kapab fè tout sa ankò. Li te swete li te ka swiv plan an. Ben te konnen si te vin gen yon lòt ijans, li ta swiv plan an pou sèten.

BEN DESIDE KONTINYE ALE KOTE POU FANMI AN RANKONTRE.

Ben t ap reflechi sou kout-ri li te ka fè si li te akonpaye Mike D. ak Adam pou al wè manman tiyo a ki pete a. Men li te deja la, epi kisa ki te genyen la pou wè, toutbon? Pa t gen kamyon fatra nan yon gwo twou.

Ben te di zanmi li yo konsa, "Mwen pral pase sou sa, mesye. Pa gen anpil bagay pou gade."

Adam di konsa pandan mesye yo t ap desann, "Ale ladan poukont ou."

Ben te rive nan yon ti tan nan lekòl primè a. Volontè ki nan pwogram apre-lekòl la te kanpe devan pòt yo ansanm avèk plizyè moun ki te gen jilè CERT vèt sou yo ak kèk ofisyè lapolis. Anplwaye lekòl la te rekònèt Ben epi yo te lonje dwèt sou sè li a, ki t ap jwe nan lakou a.





Sè Ben te wè li epi li te vin ap kouri. Ben mande, “Èske ou tandé? Èske ou tandé?” Li di yon fason eksite, “N ap dòmi nan lekòl la aswè a.” Ben mande, “Oh se vre?” “An nou ale, mwen pral montre ou. Yo prepare kabann kan nan jimnazyòm nan.”

Ben souri. Dènye kote li te vle pase nwit li toutbon se te nan ansyen lekòl li, men li te kontan pou wè sè li a te wè sa kòm yon sipriz.

Apre Ben ak sè li a te ale nan jimnazyòm nan, yo te sòti deyò kote yo te wè manman yo ak papa yo ki t ap vini nan lekòl la. Sè li a te kouri sou paran li yo epi li te anbrase yo.

“Èske ou tandé? Èske ou tandé? N ap dòmi nan lekòl la aswè a!” Ben woule zye li, epi paran li yo souri. Dòmi nan jimnazyòm nan pa t ideyal, men li te bon pou yo. Nan tout bagay, sitiayasyon an pa t mal. Pètèt Ben ta ekri sou istwa a pou pwochen devwa literè—li, menmsi li ta sèten pou ajoute pati konsènan kamyon fatra ki te tonbe nan twou a ak reken ki t ap naje pou ale nan Broadway.